# Méthodes de lutte antiacridienne pour les communautés du bassin arachidier du Sénégal

# Yoon yi ñuy xeexe soccet yi ak njéeréer yi ci Siin ak Saluum ak li leen wër




Projet Bay Sa Waar



**Le groupe de femmes de Mbar surveille l'activité acridienne et avertit les autorités des pullulations imminentes.**

**Ab mbootaay u jigéen ci Mbar. Dafay saytu yokkuteef u soccet yi ak njéeréer yi te teela jokko ak waa DPV.**

Alana Burnham, Mamadou Diallo, Alioune Beye, Michel Lecoq et Arianne Cease

Traductions par Michel Lecoq, Fatou Bintou Sarr et Alana Burnham. Édition par Babacar Gueye.

Avec les illustrations de Kara Brooks (karabrooksart@gmail.com), et les dessins de criquets tirés de l'ouvrage de J. Mestre (1988), Les Acridiens des formations herbeuses d'Afrique de l'Ouest, CIRAD, Montpellier, France.

Conception et mise en page par Hoi Yan Patrick Cheung, Kayla Frost, Kurt Krause et Travis Buckner.

## Remerciements

Ce livre a été rendu possible grâce au généreux soutien du peuple américain par l'intermédiaire de l'United States Agency for International Development, Office of U.S. Foreign Disaster Assistance (USAID/OFDA).


USAID FROM THE AMERICAN PEOPLE

Le contenu de ce livre relève de la seule responsabilité de l'Arizona State University et de la Global Locust Initiative et ne reflète pas nécessairement les vues de l'USAID ou du gouvernement des États-Unis.

Arizona State University

Global Locust Initiative

DIRECTION DE LA PROTECTION DES VEGETAUX DPV



La copie, la distribution et le partage de cette œuvre sont autorisés à condition d'inclure les noms d'auteurs et la source. Toute modification ou utilisation à des fins commerciale est interdite.

L'adaptation de cette œuvre pour d'autre région ou zone est possible à condition d'obtenir les autorisations appropriées. Les photos et illustrations de cette œuvre, y compris les illustrations originales de Kara Brooks et les photographies de Michel Lecoq, ne sont pas la propriété de la GLI ou d'ASU et nécessitent l'autorisation de leurs auteurs. Les images annotées « Creative Commons » peuvent être utilisées à condition de respecter les termes de la licence.

En case de questions sur le partage ou l'adaptation de cette œuvre, veuillez contacter la GLI (locust@asu.edu).



En Afrique de l'Ouest, la saison des pluies permet de produire du mil, de l'arachide, du sorgho et de nombreuses autres cultures. Ce peut être une période d'abondance. Mais chaque agriculteur sait que la pluie peut également apporter de nombreux ravageurs très dévastateurs, tels les criquets, parmi lesquels on peut distinguer les locustes et les sauteriaux.

Ci Afrik soowu jànt, nawet bi dafay tax ñu mën bay dugub, gerté, bësi, ak yeneen xéetu mbay yu bare. Nawet mën na doon jamonooy buy indi naataange. Waaye baykat bu nekk xam na itam jamono la bu mëna indi ay mbindéef yàqkat u tool yu mel ni njéeréer ak soccet yi.

**Organisation des Nations Unies pour l'alimentation et l'agriculture & Service d'Information sur le Criquet pèlerin.**



Les locustes sont un type particulier de criquets pouvant former des essaims, migrer sur de très grandes distances et traverser rapidement de nombreux pays.

Njéeréer yi ay xéetu soccet lañu yu wuute ak yeneen yi te mën nañu def ay cabb tey dem ci diggante yu sore ci lu gaaw te romb réew yu bare.






**dixième année / fukkéelu at mi**



**deuxième année, troisième année… neuvième année / ñaaréelu at mi, ñettéelu at mi…juróom-ñeentéelu at mi**



**prémière année / at mu njëkk mi**

On ne les rencontre pas chaque année mais seulement de temps à autre. Une fois que les essaims sont formés, ces espèces—principalement le Criquet pèlerin ou *Schistocerca gregaria* au Sénégal—peuvent attaquer un très grand nombre de cultures et ravager également les pâturages.

Duñu leen gis at mu nekk. Xanaa leeg-leeg rekk. Suñu defee ay cabb, xèet u njèereer u Senegal yi mën nañu song tool yu bare te nasaxal all bi.




Les sauteriaux ne se déplacent pas sur d'aussi grandes distances et n'affectent pas une zone aussi étendue que les locustes, cependant certaines espèces peuvent nuire presque chaque année aux récoltes des agriculteurs. Dans le bassin d'arachide au Sénégal, il y a beaucoup de sauteriaux chaque année.

Soccet yi ñoom duñu dem ci ay diggante yu sore wala yu yaatu ni ko njèerèer yi di defe, waaye at mu nekk yenn xéetu soccet yi mën nañu yàq li baykat yi goob. Ci digg u rèew mi nikki Siin ak Saluum ak li leen wër dafay am soccet yu bare at mu nekk.





**troisième année / ñettéelu at mi**




**deuxième année / ñaaréelu at mi**



**prémière année / at mu njëkk mi**

Par exemple, le criquet sénégalais peut être observé presque tous les ans. Toutes ensembles ces espèces de criquets peuvent avoir un impact important sur l'agriculture d'une région. Les locustes comme les sauteriaux ont des effets très négatifs sur l'agriculture du Sénégal et et il est important de connaître leur biologie et leur reproduction pour les gérer et de tenter de prévenir leurs dégâts.

Ci misaal, soccet dugub yi dañu leen di gis ci lu bare at mu nekk. Xèet u soccet yèpp suñu leen boole seeni jëf mën nañu am ay loraange yu meeti ci mbayoob dëkk. Njèerèer yi nikki soccet yi dañuy yaq bu baax mbay u Senegal. Loolootax ñu war leen saytu te fagaru ci yaquteef yi ñu mën jur.



**une génération** / **benn njur bi**

Les sauteriaux comme les locustes pondent leurs œufs dans le sol. Avec la pluie, les œufs éclosent et donnent de jeunes larves qui commencent à manger et à grandir. En quelques semaines, ces larves deviennent des adultes rapidement prêts à pondre leurs propres œufs. Ce cycle d'oeufs qui deviennent des larves, qui deviennent elles mêmes des adultes prêts à avoir leurs propres oeufs, s'appelle une *génération*.

Soccet yi ak njéeréer yi, ci biir suuf si lañuy nen. Bu tawee, nen yi dañuy tocc té joxe ay doom yuy tàmbale lekk, teg ci di magg. Bu tegee ay ayubes, dañuy doon ay màg yuy tàmbale nen ñoomit. Wàll woowu nen bi di tocc, doon doom, magg, tàmbale nen, mungi tudd ab njur.





***Oedaleus senegalensis***
**soccet dugub**



***Catantops stramineus***
**soccet fasu àll**

Certaines espèces de criquets n'effectuent qu'une seule génération en une année. D'autres espèces, comme le Criquet sénégalais, peuvent avoir trois générations en une seule saison des pluies.

Yenn ci xéet u soccet yi ak njéeréer yi, benn njur lañuy am ci at mi. Yeneen yi, nikki soccet dugub yi, mën nañu am ñetti njur ci benn nawet.



novembre - mai / noor gi



juin - octobre / nawet bi



*Acrida bicolor*
soccet séew rucc bi


Certaines espèces de criquets se reproduisent pendant toute l'année, comme *Acrida bicolor*.

Yenn ci xéet u soccet yi ak njéeréer yi, dañuy nen at mi yépp, nikki soccet séew rucc.





novembre - mai / noor gi



juin - octobre / nawet bi




*Acorypha clara*
soccet dijj pooj, mboq tank bi

Certaines espèces de criquets cessent de procréer à la fin de la saison des pluies. Vous pouvez voir des adultes pendant toute la saison sèche, mais aucun d'entre eux ne pond d'oeufs. Ce n'est qu'avec le retour de la saison des pluies que ces individus recommenceront à pondre des œufs.

Yenn xéet u soccet yi ak njéeréer yi, dañuy dàgg seen nen bu nawet bi waccee. Mën nañu gis yu màg yi ci noor gi wante benn du ci nen. Bu nawet bi dellusee lañuy tambaliwaat di nen.



novembre - mai / noor gi



juin - octobre / nawet bi



*Oedaleus senegalensis*
soccet dugub bi

D’autres, comme le criquet sénégalais, se reproduisent pendant la saison des pluies, mais la dernière génération n’éclot pas. Au lieu de cela, ces œufs vont attendre patiemment dans le sol pendant toute la saison sèche. Quand les pluies reviendront l’année suivante, ces oeufs écloront, donnant des larves qui deviendront des adultes.

Yeneen yi nikki soccet dugub yi dañuy nen ci nawet bi, wante nen yu mujj yi duñu tocc. Nen yooyu dañuy xaarandi noor bi yépp. Bu taw bi dellusee ci at mi, nen yi ci lañuy tocc nekk ay doom apre nekk ay soccet yu màg.




*Oedaleus senegalensis*
soccet dugub bi



Le criquet sénégalais, en particulier, est un ravageur important du mil et des autres cultures graminéennes. Il est important de comprendre comment ce criquet se reproduit et se déplace dans une zone donnée pour arriver à le contrôler.

Te baree soccet dugub bi yàqkatu dugub ak yeneen xéetu ñax, bu mag la. Dafa am solo lool ñu xam naka la soccet bii di nenee ak baree, naka lay tasaro ci ab gox, ngir nu mën agg ci tënk ko te faggandikku ci.


*Photo en haut au centre: Marion Le Gall.*
*Photo en bas à droite: K-State Research and Extension. CC BY 2.0.*



Comme les pluies commencent plus tôt dans le sud, les pullulations du criquet sénégalais apparaissent d'abord dans cette zone. Puis, à mesure que les pluies progressent vers le nord, le criquet sénégalais les suit.

Nikki nawet bi dafay teela tambali ci bët saluum u rèew mi, kon cabb u soccet yi foofu lañuy njëkka fèeñe. Leegi nawet bi buy yèeg, soccet yi dañuy ànd ak moom jëm ci bët ganaar.





A mesure qu'ils se déplacent vers le nord, les criquets pondent des œufs et donnent naissance à de nouvelles générations. Vers la fin de la saison des pluies ces criquets retournent vers le sud.

Soccet yi buñu àndeek nawet bi jëm bët ganaar dañuy nen muy tocc di joxe ay doom ak giir u soccet yu bees. Bu nawet bi di wacc soccet yi dañuy wañeeku dellu bët saluum.



Un agent de DPV effectue la prospection des œufs.

Benn ndaw u DPV dafay seytu nen u soccet yi.

La Direction de la protection des végétaux (ou DPV) effectue de nombreuses activités pour prévoir où les pullulations de criquets se produiront ou seront les plus importantes. Elle peut également, si nécessaire, pulvériser des insecticides pour lutter contre ces criquets. Mais la zone qu'elle doit couvrir est très vaste et ses techniciens ne peuvent pas connaître la situation dans chaque village. Vous pouvez les aider en surveillant les criquets dans votre communauté.

La Direction de la Protection des Végétaux (Kër giy aar ganñcax gi / DPV) dafay def ay yëngu-yëngu yu bare ngir sòorale te fagaru ci fi yokkteef u soccet yi di ame ak fi muy ëppe. DPV mën na tamit bu ko laajee, mu pudëer ngir xeex ak soccet yi. Wante diwaan bi DPV wara toppato dafa yaatu lool ba tax na ay nitam duñu mën saytu fèpp. Mën ngeen leen dimbali, ci kàw ngeen xoolal leen bu baax njéeréer yi ak soccet yi ci seeni gox ak goxaat.


**Mamadou Diallo, Direction de la Protection des Végétaux.**






Si une communauté paysanne surveille les populations de criquets dans sa région pendant la saison des pluies, elle peut avertir la DPV et les autorités en charge de la lutte que des pullulations sont en cours ou risquent de survenir à court terme. Il existe de nombreuses méthodes de surveillance, et deux des meilleures techniques utilisent des pièges lumineux ou des comptages à vue directement sur le terrain.

Su fekkee benn mbooloo u baykat mungiy bayyi xel soccet yi ak njèereer yi ci seen diwaan ci nawet bi, dafay mën yëgël waa DPV walla njiit yi yore xeex bi, yookteef u soccet yi ci teel. Am na ay yoon u saytu ak bayyi xel yu bare wante ñaar ci xarala yi gëna baax te ñu koy gëna jëfëndiko ñooy fiir gu àndak lamp ak woññi ci li ngay gis ci bërëb bi.




Pour un comptage à vue directement dans les champs, tout ce dont vous avez besoin c'est vous-même, un stylo et un cahier. Vous marcherez en traversant votre champ en ligne droite, d'un côté à l'autre.

Observez d'abord le nombre de criquets ailés. Traversez votre champ. Combien voyez-vous de criquets en vol? Comptez-les et notez le nombre total de criquets ailés observés. Si vous reconnaissez les différentes espèces, notez combien vous en voyez de chaque type.

Pur woññi li ngeen di gis ci tool yi, li ngeen di soxla mooy: Teewlu, bindukaay ak kaye. Dangeen di dox but ba but ci tool bi ci rëdd bu jub, ci wet gu nekk.

Xool leen lim u soccet yi am laaf. Ci biir tool bi ñaata soccet ñooy naaw? Woññi leen te bind limu soccet yi am laaf yëpp yi ngeen di gis. Su fekkee xaame ngeen soccet yi bind leen limu xéet yi gis yèpp.






Vous allez maintenant compter les larves de criquets au sol. Retournez sur vos pas jusqu'à votre point de départ. Combien voyez-vous sauter de larves? Comptez les à mesure de votre progression sur votre chemin de retour. Arrivé à votre point de départ, notez le nombre total de larves de criquets observées. Si vous reconnaissez les différentes espèces, notez combien vous en voyez de chaque type.

Leegi dangeen di woññi doomi soccet yi nekk ci suuf si. Kon wañeeku leen te toppaat seeni tank ba fi ngeen jogewoon ci bunt u tool bi te xool leen bu baax tey woññi doomi soccet yi. Bu ngeen di wañeeku ñaata doomu soccet ngeen gis ñuy tëp? Bu ngeen aggee ci bunt u tool bi, bind leen lim u doom u soccet yi ngeen gis yèpp. Su fekkee xaame ngeen soccet yi bind leen limu xéet yi gis yèpp.



Les informations que vous collectez doivent être signalées à l'antenne locale de la Protection des végétaux (DPV). Cette information peut leur permettre de savoir combien d'ailés et/ou de larves se trouvent dans la région. Dites-leur qui vous êtes, où vous avez observé les larves et/ou les ailés et combien vous en avez vu. Si vous connaissez les différentes espèces de criquets que vous avez vues dans votre champ, dites-leur combien vous en avez observé de chaque type. Dites-leur combien de mètres vous avez parcourus.

Xibaar yi ngeen dajale, war ngeen ko jox waa DPV yi nekk ci seen gox. Xibaar yooyu dinañu tax ñu mën xam ñaata soccet yu am laaf ak ñaata doom u soccet ñoo nekk ci gox bi. Wax leen seen tur ak seen sant ak fi ngeen dëkk. Tamit wax leen fi ngeen gis doomu soccet yi walla yu mag yi, ak ñaata lañu. Su fekkee xam ngeen xèet u soccet yi, wax leen lim bu nekk ci yi ngeen gis ci seeni tool. Wax leen ñaata metar ngeen dox bi ngeen di woññi soccet yi.





Un piège lumineux attire les criquets lorsqu'ils volent la nuit. Quand les criquets voient la lumière, ils volent vers elle et finissent par tomber dans le seau d'eau savonneuse situé sous le piège. Comme l'eau est savonneuse, les criquets ne peuvent pas re-décoller et s'envoler et finissent par mourrir dans l'eau. En installant un piège lumineux dans votre champ, vous pouvez savoir combien de criquets migrent la nuit et menacent potentiellement votre champ.

Fiir gi ànd ak lamp bi dafay xëcc njéeréer yi ak soccet yi buñuy naaw ci guddi gi. Buñu gisee léer gi, dañuy naaw di jëm ci moom ba taabi ci paan bi def ndox ak saabu bi nekk ci suufu lamp bi. Ndox ak saabu boobu mooy tax njéeréer yéek soccet yi duñu mënati naaw kon dañuy dee. Bu ngeen defee fiir gi ci seeni tool dingeen mëna xam ñaata njéeréer ak soccet ñooy naaw ci tool bi ak yaq yi ñu naroon def foofu.



Construisons un piège lumineux. Pour cela vous avez besoin de:

- 1 cornier de 50
- 2 fer plat de 40
- 1 fer de 8
- 1 lampe à piles
- Des piles
- 1 bassine de 10 à 15 L
- 2 serrures
- 1 pot de peinture
- du liant

Apportez tous ces matériaux à un métallurgiste, pour construire votre piège à lumière.

Nañu defar fiir gi. Pur defar ko dingeen soxla:

- benn cornière 50
- ñaari fer plat 40
- benn fer de 8
- ben lampe ak ay piil
- benn paan, 10–15 litaars
- ñaari sellur
- pintur
- dilian

Yobbale leen lèpp ci minise metalik bi ndax mu defaral leen seen fiir gi.





Partagez les dimensions ci-dessous avec le métallurgiste.

Jox leen minise bi natt yi pur seen fiir gi.

| N° | Nature | Nombre de pieces | Dimension |
|---|---|---|---|
| 1 | Support lampe | 1 | 30 cm |
| 2 | Support chapeau | 1 | 120 cm |
| 3 | Chapeau | 1 | 130 cm |
| 4 | Grille de lampe | 4 | 24 cm/pièce |
| 5 | Lampe | 1 | 3 piles de 1.5 v |
| 6 | Barre de sécurité de la bassine | 1 | 65 cm |
| 7 | Ceinture supérieure | 1 | 1.5 m |
| 8 | Bassine | 1 | 15 litres |
| 9 | Ceinture inférieure | 1 | 1.3 m |
| 10 | Pied | 4 | 1.5 m |
| 11 | Scellement pied | 4 | 25 cm/pièce |
| 12 | Sabbot | 4 | 10 cm/pièce |






Lorsque le piège à lumière est construit, apportez-le sur le terrain. Il doit être situé à au moins 50 mètres des arbres et des routes, mais ne doit pas être trop difficile à atteindre.

Su fiir gi paree, yòbbu leen ko ci tool bi. Teg leen ko fu sore garab gi ak yoon yi ci 50 metar. Wante fu yomba jot.





Comment utiliser un piège lumineux? Le soir, allez au champ où vous avez mis le piège. Apportez avec vous de l'eau pour remplir la bassine. Prenez la bassine et remplissez-la avec de l'eau et ajoutez un peu de savon. Remettez la bassine en place. Allumez la lumière. Et c'est tout! Rentrez chez vous pour la nuit.


Naka lañuy jëfendikkoo fiir gi ànd ak lamp? Ci ngoon si dem leen ci tool bingeen def fiir gi te yobbale leen ndox ak saabu. Def leen ndox ak saabu ci paan bi te teg ko ci suufu fiir gi te taal lamp bi. Dellu leen seeni kër ba suba.



Vous reviendrez dans la matinée. Apportez alors un cahier et un guide d'identification des principales espèces de criquets. Éteignez la lumière et retirez la bassine. Versez l'eau sur un tamis. Il peut y avoir beaucoup d'insectes dans le tamis, mais y a-t-il des criquets et connaissez-vous certaines de ces espèces de criquets? Si oui, comptez combien il y a de criquets de chaque espèce.

Ci suba si dellu leen ci tool ba te yòbbale bindukaay, kaye ak tèere nataalu xaameekaay u melokaan u njéeréer ak soccet yi. Ci tool bi fay leen lamp bi. Sotti leen ndox u paan bi ci ab tame. Dina am ay gunòor ak ay soccet. Su fekkee xam ngeen xèetu soccet yi ak njeereer yi woññi leen lim u bu nekk ñaata la.






Vous allez à nouveau allumer le piège lumineux puis effectuer les comptages le lendemain. Tous les 3 jours vous allumerez la lumière du piège et répéterez tout le processus.

Dangeen di taalaat lamp u fiir gi té woññiwaat lim u soccet yi ak njeereer yi ci ëllëg sa. Ñetti fan yu nekk, dangeen di taalaat lamp bi te baamtu woññi bi.



Lorsque vous avez terminé la surveillance par comptage à vue et/ou par piège lumineux, appelez la DPV et dites-lui combien de criquets vous avez observés. Dites-leur qui vous êtes, où vous avez vu les criquets, et combien.

Bungeen noppee ci xool bi ak saytu bi woo leen waa DPV. Wax leen seen tur, sant, dëkk ak fi ngeen gise soccet yi ak njèereer yi ak lim bi ñaata la.






Comment les agriculteurs peuvent-ils prévenir les pullulations de criquets? Voici les agriculteurs Adama et Assan qui vont nous montrer comment. Assan Jambar est très motivé, mais son frère Ousseynou Yambar est très paresseux. Ils ont tous deux hérité de la terre de leur père.

Naka la baykat yi mëne fagaru ci yokkuteef u njéeréer yi ak soccet yi? Ñungeek baykat yi tudd Abdu jambar ak Useynu yambar ngir ñu wax nu naka. Abdu Jambar dafa am pas-pas, wante rakkam Usseynu Yambar dafa tayyèel lool. Ñoom ñaar ñëpp dañu donnu suuf ci seen baay.




l'engrais / angare bi



le compost / tos bi



le fumier / fiime bi

Les cultures ont besoin de nutriments pour vivre et grandir. L'un des plus importants est l'azote, qui se trouve dans le fumier, le compost et les engrais qui font pousser les plantes.


Mbay yi dañuy soxla ay ferñeent pur dund te magg. Benn ferñeent ci yi gëna am solo mooy Azote, mungiy joge ci fiime bi, tos gi, ak angare bi.






Quand Abdou Jambar met beaucoup de fumier sur son champ, le sol est sombre et plus « fort ». La récolte est bonne.

Su Abdu jambar defee fiime bu bare ci toolam, suuf si dafay ñuul te am doole. Kon mbayam dafay baax.



Ousseynou Yambar ne met pas du fumier ou d’engrais sur ses cultures. Son sol est plus clair et « faible ». La récolte n’est pas bonne.

Useynu yambar du def fiime walla angare ci toolam. Suuf si dafa leer te neew doole. Mbayam mi baaxul.





un sol pauvre / suuf su ñeew doole



un sol fertile / suuf bu am doole

Qu’advient-il alors des criquets? Les criquets n’aiment pas les cultures fortes. Quand ils mangent des cultures fortes, ils ne se développent pas bien et leurs œufs sont très petits. Ils préféreraient manger des cultures faibles.

Ci wallu njéeréer yi ak soccet yi. Njéeréer yi ak soccet yi bëgguñu gañcax bu am doole. Buñu lekkee gañcax gu am doole, duñu magg bu baax te seeni nen dañuy tuuti lool. Gañcax gu neew doole moo leen gënal.




Parce qu'Abdou Jambar applique du fumier dans son champ, son sol est fort. Ainsi, ses cultures sont fortes et les criquets n'en mangent pas beaucoup.

Abdu jambar dafay jëfendiko fiime ci toolam, loolootax suuf si ak ganñcax gi dañu am doole te kon soccet yi duñu ci lekk lu bare.





Ousseynou Yambar n'applique ni engrais, ni fumier. Son sol est faible et de ce fait ses plantes sont également faibles. Les criquets en mangent beaucoup!

Useynu yambar du def fiime walla angare ci toolam, loolootax suuf si ak ganñcax gi dañu neew doole te loolu la soccet yi bëgg. Kon dinañu ci lekk lu bare.



Abdou Jambar fait-il autre chose pour rendre son sol plus fort? Il ne coupe pas les arbres dans son champ et, au contraire, il plante des arbres qui renforcent le sol, comme *Faidherbia albida* et *Senegalia senegal*.

Abdu jambar ndax dafay def leneen ngir dooleel suufam? Abdu du dag garab yi ci toolam moom kay dafay jëmbët ay garab ngir dooléel suuf si, nikki kad ak werek.







Ousseynou Yambar coupe ses arbres et il a beaucoup de criquets dans son champ.

Useynu yambar dafay dàgg garab yi ci toolam te loolootax mu am soccet yu bare.



Certaines espèces des coléoptères, des lézards, des oiseaux, et des mouches se nourrissent de criquets et de leurs œufs. Nous les appelons « ennemis naturels ». S'il y a beaucoup d'ennemis naturels, nous serons moins dérangés par les criquets.

Yenn xèet u gunòor yi, sindax, picc, ak weñ yi dañuy dunde njéeréer, soccet, ak seeni nen. Ñungi leendi woowee « noonu soccet ». Su amee « noonu soccet » yu bare, dunu am ay jafe-jafe ak njéeréer yeek soccet yi.





Mais si vous brûlez vos champs ou s'il y a des feux de brousse, les ennemis naturels mourront. Empêcher les feux de brouses les maintient en vie et leur permet ainsi de manger beaucoup de criquets. Ousseynou brûle ses champs, les ennemis naturels meurent, et il a beaucoup de criquets.

Wante su ngeen taalee seeb yi ci seeni tool wala su amee daay, noonu soccet yi dañuy dee. Moytu daay yi dina tax noonu soccet yi dund kon tey lekk njéeréer yi ak soccet yi. Useynu yambar dafay taal ay seeb ci toolam te noonu soccet yi dañuy dee. Loolootax toolam dafa am soccet yu bare.




Abdou Jambar fait-il autre chose? Oui: il surveille les criquets dans ses champs. Comme il alerte la DPV très tôt, les techniciens de la DPV peuvent traiter et tuer tous les criquets avant qu'ils ne ruinent ses récoltes.

Abdu jambar ndax dafay def leneen? Waaw: dafay bayyi xel soccet yi ci toolam. Nikki dafay yëgël waa DPV ci lu teel, moo tax ñoom dañuy mëna indi ay pexe te rey soccet yi ballaa ñuy nasaxal mbay mi.






Ousseynou Yambar ne surveille pas du tout son champ. Quand il se rend compte qu'il y a beaucoup de criquets et qu'il appelle la DPV, il est déjà trop tard! Les techniciens de la DPV traitent, mais ses cultures sont ruinées.

Useynu yambar du bayyi xel soccet yi ci toolam. Buy gis ne toolam dafa bare soccet ba buy woo DPV dafay fekk wees na. Waa DPV dañuy indi ay pexe, waaye soccet yi yàq nañu lépp .



Abdou Jambar voit combien les techniques qu'il a utilisées lui ont été bénéfiques. Il les  enseigne alors également à son frère Ousseynou Yambar, ainsi qu'à tous ses voisins. Comme il y a  de plus en plus de gens qui renforcent leur sol et cultivent leurs champs en suivant ces techniques, il y a beaucoup moins de criquets dans toute la région.

Abdu jambar gis na, ni xarala yi mu jëfendikoo baaxee te am njëriñ. Te jàngal na yooyu xarala rakkam Useynu yambar ak ay dëkkandoom. Nikki leegi nit ñi dañuy dooleel seeni suuf tey teg seen mbay ci jëfendiko xarala yii. Kon gox bi amul njéeréer ak soccet yu bare.





En résumé, que pouvez-vous faire?
Ensemble, nous pouvons empêcher les criquets de ravager nos récoltes.

Ci tunk, lan ngeen mëna def?
Buñu booloo, mën nanu xéex ak njéeréer yeek soccet yi ba duñu yàq suñuy mbay.




Si vous voyez des criquets dans votre champs ou votre communauté, veuillez appeler la base DPV de votre région.

Su ngeen gisee ay njéeréer walla ay soccet ci seeni tool walla ci seeni dëkk, woo leen DPV u seen gox.

**Départements des Kaffrine, Birkelane, Malem Hoddar, Koungheul, Guinguеneo, Diourbel, et Mbacke**
**Base de Nganda: 33 946 54 28**

**Départements des Sokone, Fatick, Foundiougne, Gossas, Kaolack, and Nioro du Rip:**
**Base de Sokone: 33 948 31 21**